

**MODÉL PANGAJARAN INKUIRI
PIKEUN NINGKATKEUN HASIL BELAJAR SISWA KALAYAN TÉMA
INDAHNYA KEBERSAMAAN**

**(Penelitian Tindakan Kelas Subtema 1 Keberagaman Budaya Bangsaku
Pada Siswa Kelas IV SDN Linggar 01 Kecamatan Rancaekek Kabupaten
Bandung Tahun Pelajaran 2018/2019)**

ku

Sopa Nurul Fuadiyah

145060240

RINGKESAN

Penelitian Tindakan Kelas (PTK) miboga tujuan pikeun ningkatkeun hasil diajar siswa ku cara ngalarapkeun modél pangajaran Inkuiри kalayan téma Indahnya kebersamaan, subtéma Keberagaman Budaya Bangsaku. PTK dilarapkeun di kelas IV SDN Linggar 01 Kecamatan Rancaekek Kabupatén Bandung. Panalungtikan ieu dilarapkeun lantaran ayana sababaraha kahéngkérán, diantarana nyaéta:: Siswa kurang aktip dina prosés pangajaran, Kurangna daya regep siswa dina prosés pangajaran, Kurangna rasa sosial siswa nalika aya sapadana miboga kahéngkérán dina maham pangajaran, Guru kurang mampuh ngarojong siswa na pikeun aktip nalika prosés pangajaran lumangsung. Panalungtikan ieu dipiharep bisa ningkatkeun sikep sosial nu luhung (silih asah) jeung bisa ngahontal tujuan pangajaran kalayan téma pangajaran Indahnya Kebersamaan subtéma Keberagaman Budaya Bangsaku ngalarapkeun modél pangajaran inkuiри. Dumasar hasil panalungtikan yén penerapan modél Inkuiři bisa ningkatkeun hasil diajar siswa. Hasil diajar siswa dina siklus I nepi ka III nyangking hasil 37% - 89%, sikep sosial dina siklus I nepi ka siklus III nyaéta tina 33% jadi 85%. Nalika prosés pangajaran lumangsung, siswa miboga karep diajar nu leuwih punjul nalika téma Indahnya Kebersamaan subtéma Keberagaman Budaya Bangsaku ngagunakeun modél inkuiři. Kacindekanna dina panalungtikan ieu, yén modél pangajaran inkuiři kalayan téma Indahnya Kebersamaan subtéma Keberagaman Budaya Bangsaku mangrupa salasahiji tarékah pikeun ngahontal tujuan pangajaran di SDN 01 Linggar Kabupatén Bandung.

Kecap Pamageuh : Inkuiři, Hasil diajar siswa